## Буоберан доладаран дозалла

***(Ялсаманехь Делан Элчанна** (Делера салам-маршалла хуьлда цунна)* ***лулахь хиларе кхайкхам бар)***

## БисмиллахIиррохьманиррохьим

Хастам бу АллахIна, Iаламаш кхоьллина, уьш кхобуш, кхиош Волчу! Делера къинхетам, маршо а хуьлда Цо адамашка, жинашка а дин кхайкхош ваийтинчу Цуьнан Элчанна Мухьаммадна, цуьнан доьзалшна а, цуьнан асхьабашна а, цара беанчу нийсачу некъа тIехь схьабогIучарна а. Баккъалла а, бусалба дино боккха тергам тIебахийтина буобер кхабарна. Къуръана чохь деана долу дукккха а аяташ, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) шен дуккха а хьадисашкахь дина весеташ а тоьшалла деш ду и тергам боккха хиларна. Баккъалла а, хьалхалерачу заманера наха Iамал ярца кхочушдина и деза весеташ. Цаьрга ладоьгIначунна хуур ду, уьш мел сутара хилла буоберийн Iуналла дарна тIехь, шайна ял хилар а, Ялсаманехь Делан Элчанна (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) лулахь хилар а лоьхуш.

قال رسول الله صلى الله عليه وسلم: "أَنَا وَكَافِلُ الْيَتِيمِ فِى الْجَنَّةِ هَكَذَا، وَأَشَارَ بِالسَّبَّابَةِ وَالْوُسْطَى، وَفَرَّجَ بَيْنَهُمَا شَيْئًا". رواه البخاري ومسلم
Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) аьлла: **«Со а, буоберан доладийриг а Ялсаманехь иштта хир ву».** Цо шен хьажон, юккъера а пIелгашца ишар йира, и шиъ кIезиг хера а баьккхира. *Бухари, Муслим.*

Хьалхарчу заманера цхьана Iеламстага аьлла: **«ХIара хьадис хезначунна тIехь декхар ду** (Ялсаманехь Пайхамарна (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) лулахь ша хилархьама) **оцу хьадисаца Iамал яр. Эхартахь цул деза дарж ма дац».**

### *Буобер хьанах олу?*

Iарбийн маттахь ***«буо»*** бохучу дешан маьIна ду: ша висар, гIорасиз хилар, хIумане хьашт хилар. Амма шарIехь ***«буобер»*** – пхийттара далале шен да кхелхина дисинарг ду.

قال رسول الله صلى الله عليه وسلم: "لَا يُتم بَعْدَ احْتِلامٍ، وَلَا صُمَاتَ يَوْمٍ إِلَى اللَّيْلِ". رواه أبو داود
Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) аьлла: **«Пхийтта шо кхаьчнарг буобер дац, дийнахь сарралц вист ца хуьлуш Iан мегар дац».** *Абу Давуд.*

Буобер хиларан хьукма чекхдаларан хьокъехь Iеламнехан ойланаш екъаелла, ибн Iаббаса (Дела реза хуьлда цаьршинна) аьллачу дашна тIе тидам а бахийтина. Цо аьлла: **«Стагана маж йолу, дегIана хесара велахь а, и дегI болх бан гIорасиз делахь а. Амма кхиболчу нахе санна болх бан шен дегIе ницкъ беача, буобер хиларан хьукма дIадолу цуьнгара».**

### *Буобер кхиоран дозалла*

Бусалба дино боккха тидам тIебахийтина буобер кхабарна, и Iалашдарна а, цуьнца йолу юкъаметтиг ларъярна а, цуьнан дахар ирсечу новкъахь хилийтарна а. Бусалба нахана пайден а волуш, оьзда стаг хир ву цунах тIаккха.

قال اللهُ تعالى: {فَأَمَّا الْيَتِيمَ فَلَا تَقْهَرْ}. الضحى: ٩

Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Буоберана ницкъ ма бе ахь».** *«Ад-Духьа», 9.*

قال اللهُ تعالى: {أَرَأَيْتَ الَّذِي يُكَذِّبُ بِالدِّينِ * فَذَلِكَ الَّذِي يَدُعُّ الْيَتِيمَ}. الماعون: ٢-١

Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Хьуна ца го бекхаман де харц деш верг? Иза ву буоберан хьакъ духадетташ верг».** *«Аль-МаIун», 1-2.* ХIокху шина аято чIагIдо, буоберан (нахана юкккъехь иза эшна (беркъа) ца хилийта) тергам бан безар, цуьнца къинхетаме хила везар а. Тергал ца деш иза дитча, цуьнан дахар декъаза хуьлу. Сийлахьчу Къуръана чохь 23 аят деана буобер Iалашдарна а, цуьнан тергам барна а тIехь сутара веш. Буоберан хьокъехь диссийначу, оцу шорта долчу аяташка хьаьжча, вайн йиш ю цунах лаьцна коьрта долу пхи дакъа билгалдан:
1) Буоберана бохам ца хилийтар; 2) Цунна дика болх бар, цуьнан даьхнина пайда тIебохьуш долу хIума лахар; 3) Цуьнца йогIуш йолу дика зуда цунна ялаяр; 4) Цунна дика болх барна тIехь сутара хилар; 5) Шен агIонгахьара цуьнца йолу юкъаметтиг ларъяр а.

قال اللهُ تعالى: {وَإِذْ أَخَذْنَا مِيثَاقَ بَنِي إِسْرَائِيلَ لَا تَعْبُدُونَ إِلَّا اللهَ وَبِالْوَالِدَيْنِ إِحْسَانًا وَذِي الْقُرْبَى وَالْيَتَامَى وَالْمَسَاكِينِ وَقُولُوا لِلنَّاسِ حُسْنًا وَأَقِيمُوا الصَّلَاةَ وَآتُوا الزَّكَاةَ ثُمَّ تَوَلَّيْتُمْ إِلَّا قَلِيلًا مِنكُمْ وَأَنتُمْ مُعْرِضُونَ}. البقرة: ٨٣

Веза-Сийлахьчу Дала боху**: «Исрайилан** (ЯIкъу́бан) **доьзалшкара Оха чIагIо эцна хан хьахае ахь, АллахI воцчунна Iибадат ма дойла аш, дена-нанна а, гергарчарна а, буоберашна а, мискачу нахана а дика де аш. Нахе хаза дош ала, ламаз а хIоттаде, закат а ло аш. ТIаккха шух кIеззиг боцурш дIабирзира** (иза кхочушдарх)**».** *«Аль-Бакъарат», 83.*

Буоберана дика дар билгалдина ду, дена-нанна, гергарчарна дика дар билгалдина хилар санна.

قال اللهُ تعالى: {أَرَأَيْتَ الَّذِي يُكَذِّبُ بِالدِّينِ * فَذَلِكَ الَّذِي يَدُعُّ الْيَتِيمَ * وَلَا يَحُضُّ عَلَى طَعَامِ الْمِسْكِينِ}. الماعون: ١-٣

Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Хьуна ца го бекхаман де харц деш верг? Иза ву буоберан хьакъ духадетташ верг, мискачу нахана сагIа даларна тIехь ша сутара а воцуш».** *«Аль-МаIун», 1-3.*

وقال تعالى أيضا: {فَأَمَّا الْيَتِيمَ فَلَا تَقْهَرْ}. الضحى: ٩

Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Буоберана ницкъ ма бе ахь».** *«Ад-Духьа», 9.*
Оцу аятан маьIна деш, ибн Касӣр бохучу Iеламстага аьлла: **«Буобер аьшнаш а, сийсаз а, човха а ма де ахь, амма цуьнца дика а, кIеда-мерза а, къинхетаме да санна а хила хьо».**

Делан Элча (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) кхиболчу нахал къинхетаме а, буоберех доглозуш а вара.

قال رسول الله صلى الله عليه وسلم: "أَنَا وَكَافِلُ الْيَتِيمِ فِى الْجَنَّةِ هَكَذَا، وَأَشَارَ بِالسَّبَّابَةِ وَالْوُسْطَى، وَفَرَّجَ بَيْنَهُمَا شَيْئًا". رواه البخاري ومسلم

Оцу балхехь сутара веш Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) аьлла: **«Со а, буоберан доладийриг а Ялсаманехь иштта хир ву».** Цо шен хьажон, юккъера а пIелгашца ишар йира, и шиъ кIезиг хера а баьккхира. *Бухари, Муслим.*

Веза-Сийлахьчу Дала буоберийн даьхни ларде, вочу агIор оцу тIе ма кхийда аьлла, омра даре терра, Цо чIагIо йина, иза даккхийчу къинойх дуйла а, и бахьана долуш чIогIа Iазап хир дуйла а хоуьйтуш.

قال اللهُ تعالى: {إِنَّ الَّذِينَ يَأْكُلُونَ أَمْوَالَ الْيَتَامَى ظُلْمًا إِنَّمَا يَأْكُلُونَ فِي بُطُونِهِمْ نَارًا وَسَيَصْلَوْنَ سَعِيرًا}. النساء: ١٠

Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Зулам деш буоберийн даьхни дууш болу нах шайн кийранаш буьззина Жоьжахатин цIе юуш бу, СаIӣр олучу Жоьжахати чу гIур бу уьш».** *«Ан-Нисаъ», 10.*

قال اللهُ تعالى: {وَلَا تَقْرَبُوا مَالَ الْيَتِيمِ إِلَّا بِالَّتِي هِيَ أَحْسَنُ حَتَّى يَبْلُغَ أَشُدَّهُ وَأَوْفُوا بِالْعَهْدِ إِنَّ الْعَهْدَ كَانَ مَسْؤُولًا}. الإسراء: ٣٤

Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Дикачу агIор а бен буоберан даьхнина герга ма гIо шу, иза ондадаллалц; шаьш йина чIагIо а кхочушъе аш, баккъалла а, чIагIонах хоттур долуш ма ду».** *«Аль-Исраъ», 34.*

Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) чIагIо ярца хаийтина, буоберан даьхни даар хIаллакевеш долчу ворхI къих цхьаъ хилар.

عن أبي هريرة رضي الله عنه، عن النّبيّ صلى الله عليه وسلّم قال: "اجْتَنِبُوا السَّبْعَ الْمُوبِقَاتِ ، قَالُوا: يَا رَسُولَ اللهِ ، وَمَا هُنَّ ؟ قَالَ: الشِّرْكُ بِاللهِ ، وَالسِّحْرُ ، وَقَتْلُ النَّفْسِ الَّتِي حَرَّمَ اللهُ إِلَّا بِالْحَقِّ ، وَأَكْلُ الرِّبَا ، وَأَكْلُ مَالِ الْيَتِيمِ ، وَالتَّوَلِّي يَوْمَ الزَّحْفِ ، وَقَذْفُ الْمُحْصَنَاتِ الْمُؤْمِنَاتِ الْغَافِلَاتِ". رواه البخاري

Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: **«ХIаллаквеш долчу ворхI хIуманна гена довла шу»**. Цара хаьттира: **«ХIай Делан Элча, муьлхарш ду уьш?»** Цо элира: **«Делаца накъост лацар, бозбуунчалла леладар, Дала хьарам дина долу дегI дер, бакъо а йоцуш риба** (процент) **яар а, буоберан даьхни даар а, тIамехь мостагIчух вадар а, оьзда болуш, ларлуш болчу бусалба зударшна тIехь харц цIе кхоллар а»**. *Бухари*.

Оцу белхан кхерам боккха хиларна, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) шен асхьабех гIийла волчунна хьехар деш хилла, буоберан даьхнина тIехIоттархь ларло, бохуш.

عن أبي ذر رضي الله عنه، أن رسول الله صلى الله عليه وسلم قال: "يَا أَبَا ذَرٍّ، إِنِّي أَرَاكَ ضَعِيفًا ، وَإِنِّي أُحِبُّ لَكَ مَا أُحِبُّ لِنَفسِي ، لَا تَأَمَّرَنَّ عَلَى اثْنَيْنِ وَلَا تولَّيَنَّ مَالَ يَتِيمٍ". رواه مسلم

Абу Зарра (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: **«ХIай Абу Зарр, хьо гIийла го суна, сайна дезаш долу хIума хьуна дезаш а ву со. Шина стагана куьйгалла ма дойла ахь, буоберан даьхни тIе а ма хIоттийла хьо»**. *Муслим.*

Буоберийн даьхни лардарна тIехь сутара веш, царна луш долчу напхин хьокъехь (и даьхни кхача ца дайтархьама) бусалба дино омра дина, и даьхни дебаде, кхиаде, цуьнца са яккха, аьлла.

قال رسول الله صلى الله عليه وسلم: "أَلا مَنْ ربَّى يَتِيمًا لَهُ مَالٌ فَلْيَتَّجِرْ بِهِ، ولَا يَتْرُكْهُ حتَّى تَأكُلَهُ الصَّدقَةُ". رواه أبو داود

Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) аьлла**: «ЛадогIа, даьхни долу буобер кхиочо цуьнан даьхни йохк-эцарца дебадойла; цунна тIера луш долчу закато и кхачадаллац ма дуьтийла цо»**. *Абу Давуд*.

Iумара (Дела реза хуьлда цунна) аьлла: **«Буоберийн даьхни йохк-эцар а еш дебаде аш, закат даларца иза кхача ца дайта».** ХIокху дашна тIе а доьгIна, буоберан даьхнина тIехIоьттина волчунна тIехь декхар ду, буоберана маслаIат долчу кепара и даьхни дебор. Иза дуккха болчу Iеламнехан ойла ю, оцу даьхнина кхерам болчу агIор иза ца дахьар беххам а болуш. Хьалха дийцинарг дерриге а чулоцуш, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) омра дина буоберан доладе, бусалба нехан хIусамашкахь иза кхаба, тIехь Iу воцуш, нахана юккъехь иза цхьалха ма дита, аьлла. Имам Бухарис шен «Сахьихь» чохь

схьадалийна, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: **«Со а, буоберан доладийриг а Ялсаманехь иштта хир ву».** Цо шен хьажон, юккъера а пIелгашца ишар йира, и шиъ кIезиг хера а баьккхира.

Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) бусалба нехан хIусамашна юккъехь уггар а дика хIусам – шена чохь буобер долу хIусам ю аьлла, нагахь цуьнга хьажар дика хиллехь.

قال رسول الله صلى الله عليه وسلم: "خَيْرُ بَيْتٍ فِي الْمُسْلِمِينَ بَيْتٌ فِيهِ يَتِيمٌ يُحْسَنُ إِلَيْهِ ، وَشَرُّ بَيْتٍ فِي الْمُسْلِمِينَ بَيْتٌ فِيهِ يَتِيمٌ يُسَاءُ إِلَيْهِ". رواه ابن ماجه

Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) аьлла: **«Бусалба нехан хIусамех дика хIусам ю – шена чохь буобер дерг, цуьнга хьажар дика а долуш. Бусалба нехан хIусамех вуон хIусам ю – шена чохь буобер дерг, цуьнга хьажар вуон а долуш».** *Ибн МажахI.*

Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) чIагIо йина, буобераш Iалашдеш кхиийначарна йоккха ял хир ю, аьлла.

قال رسول الله صلى الله عليه وسلم: "مَنْ عَالَ ثَلَاثَةً مِنَ الْأَيْتَامِ، كَانَ كَمَنْ قَامَ لَيْلَهُ، وَصَامَ نَهَارَهُ، وَغَدَا وَرَاحَ شَاهِرًا سَيْفَهُ فِي سَبِيلِ اللهِ، وَكُنْتُ أَنَا وَهُوَ فِي الْجَنَّةِ أَخَوَيْنِ كَهَاتَيْنِ أُخْتَانِ"، وَأَلْصَقَ إِصْبَعَيْهِ السَّبَّابَةَ وَالْوُسْطَى. رواه ابن ماجه

Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) аьлла: **«Буса гIеттина Iамал а еш, дийнахь марха а кхобуш, шен тур баттара даьккхина АллахIан некъахь араваьлларг санна ву, кхоъ буобер кхаьбнарг. Ялсаманехь сан ваша хир ву иза, хIара ши пIелг санна».** Шен хьажон пIелг юккъерчу пIелгах хьоттира цо. *Ибн МажахI.*

Буоберашна дика хиларо дог дакъаделлачунна дарба до. Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, цхьана стага Делан Элчане (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) шен дог дакъадаларан хьокъехь балхам бира, аьлла.

قال رسول الله صلى الله عليه وسلم: "امْسَحْ رَأْسَ الْيَتِيمِ وَأَطْعِمِ الْمِسْكِينَ". رواه أحمد

Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира: **«Буоберан коьртах куьг хьакха, мискачу нахана яахIума а луо ахь»**. *Ахьмад.* Оцу балхаца йоккха ял ю. Буоберан коьрта тIехь мел болчу чон цIарах шена шорта мела боккху буоберан коьртах куьг хьокхучо.

عَنْ أَبِي أُمَامَةَ رضي الله عنه، أن رسول الله صلى الله عليه وسلم قال: "مَنْ مَسَحَ رَأْسَ يَتِيمٍ لَمْ يَمْسَحْهُ إِلَّا لِلَّهِ ، كَانَ لَهُ بِكُلِّ شَعْرَةٍ مَرَّتْ عَلَيْهَا يَدُهُ حَسَنَاتٌ ، وَمَنْ أَحْسَنَ إِلَى يَتِيمَةٍ أَوْ يَتِيمٍ عِنْدَهُ ، كُنْتُ أَنَا وَهُوَ فِي الْجَنَّةِ كَهَاتَيْنِ" ، وَفَرَّقَ بَيْنَ أُصْبُعَيْهِ السَّبَّابَةِ وَالْوُسْطَى . رواه أحمد

Абу Умамата (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: **«АллахIан дуьхьа бен и ца хьокхуш, буоберан коьртах куьг хьаькхначун куьйгах кхеттачу хIора чон цIарах диканаш яздийр ду цунна. Шена гергахь долчу буоберан дика болх бинарг Ялсаманехь соьца цхьаьна хир ву, хIара шиъ санна».** Цо херабаьккхира шен хьажон а, юккъера а ши пIелг. *Ахьмад.*

Баккъалла а, бусалба наха Iамал ярехь масал оьцуш схьадеана и некъаш, Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) асхьабаш бехачу заманера дуьйна таханлера де тIекхаччалц. Бакъ долуш, сецна даьлла ду, оцу асхьабашна юккъехь буоберийн Iуналла деш, шайн хIусамашкахь уьш кхобуш дуккха а божарий, зударий хилла хилар. Царех бу: Абу Бакр Сыддикъ, Худайжан кIант Ра́фиI, ХIуза́лан кIант НуIайм, МазIу́нан кIант Къуда́мат, Абу СаIи́д аль-Худри, Абу Махьзу́рат, Абу ТIалхьат, Зубайрин кIант Iурват, Ма́ликан кIант СаIд, Зура́ратан кIант АсIад, Абу Бакран йоI Iа́ишат, Умму Сулайм, МуIа́виятан йоI Зайнаб (Дела реза хуьлда царна). Уьш боцурш кхин дуккха а хилла буоберийн Iуналла деш асхьабаш, царел тIаьхьа хилла болу табиIи́наш, Къемат-де кхаччалц дика Iамал ярца царна тIаьхьабозуш берш а.

**Хьо хууш хилалахь, хIай сан бусалба ваша**, бусалба наха буоберийн а, церан хьукманехь болчеран а доладар коьртачу баххаш тIехь лаьтташ хилар. ХIора бусалба стага я бусалба наха цхьаьна юкъарчу барамехь буоберашна деш долу Iуналла цунна тIедоьгIна ду. ХIара Iуналла дар къаьсттина адамийн синкхетамна тIехь, я хан-зама яларца ша гIеллуш, дIаболуш а болчу кIеззигчу хенахь адамаша вовшех бечу къинхетамна тIехь лаьтташ дац. Бакъду, иза АллахIа билгалйинчу агIонашна а, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) еанчу нийсонна а тIейоьгIна йолчу коьрта йолчу бакъонашна тIехь лаьтташ ду. Шеко яц, и бакъонаш дагахь латтаяро бусалба стагана оцу буоберийн Iуналла дарехь, цаьрца кIеда-мерза, къинхетаме а хиларехь гIо деш хиларх. Иштта хьал хилча, царна го оцу буоберашкахь сийдолуш кхоьллина догIмаш, АллахIа шайн кхоллар даздина а долуш. Баккъалла а, АллахIа Ша и дегI кхоьллинчу хенахь Шен маликашка сужда дайтина цунна.

قال اللهُ تعالى: {إِذْ قَالَ رَبُّكَ لِلْمَلَائِكَةِ إِنِّي خَالِقٌ بَشَرًا مِن طِينٍ*فَإِذَا سَوَّيْتُهُ وَنَفَخْتُ فِيهِ مِن رُّوحِي فَقَعُوا لَهُ سَاجِدِينَ*فَسَجَدَ الْمَلَائِكَةُ كُلُّهُمْ أَجْمَعُونَ*إِلَّا إِبْلِيسَ اسْتَكْبَرَ وَكَانَ مِنَ الْكَافِرِينَ}. ص: ٧١-٧٤

Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Хьан Дала маликашка аьлла хан хьахае ахь: «Поппарх дегI кхолла воллу Со, Ас цуьнан кхоллар кхочушдича, цунна чу са кхоьллина а Со ваьлча, шу суждане гIо цунна». Дерриге а маликаш суждане дахара цунна, иблис доцург; цо куралла йира, иза дакъаздаьллачарех а хилира».** *«Сод», 71-74.*

Къуръанан маьIна динчу Iеламнаха, иза лерамбаран, вазваран, сийдаран сужда дара, аьлла. Адамийн тайпа сийдолуш ду, Дала кхоьллинчу халкъана юккъехь къаьстина дарж долуш а ду.

قال الله تعالى: {وَلَقَدْ كَرَّمْنَا بَنِي آدَمَ وَحَمَلْنَاهُمْ فِي الْبَرِّ وَالْبَحْرِ وَرَزَقْنَاهُم مِّنَ الطَّيِّبَاتِ وَفَضَّلْنَاهُمْ عَلَى كَثِيرٍ مِّمَّنْ خَلَقْنَا تَفْضِيلًا}. الإسراء: ٧٠
Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Баккъалла а, Адаман бераш даздира Оха, аренгахь а, хIорда тIехь а уьш дIасхьакхийхьира Оха. ЦIена долчух царна рицкъа а делира Оха, Тхаьш кхоьллинчу дуккха а халкъал уьш базбира Оха».** *«Аль-Исраъ», 70*. Баккъалла а, адамийн кхоллар Дала Ша кхоьллинчу дуккха а халкъал даздина. Цо даздина иза, цунна куц, меженаш, гIиллакх луш, лаьтта тIехь куьйгалла дойтуш, Iалам цунна муьтIахь а деш. Дала адам даздина, и лерам цунна бовзуьйтуш, Шен Сийлахьчу Къуръана чохь и хьехадар даима хуьлуьйтуш. Буобер а ду иштта болу лерам барехь шен бакъо йолуш. Буоберан а, и санна болчеран а лерам бан безаш хилар гойту церан гIийлачу дахаро.

**ТIаккха хьо хууш хуьлийла, сан хьоме ваша**, бусалба стаг шена чохь вехаш йолу юкъаралла (общество) – вовшех доглозуш, гIо-накъосталла деш, вовшашна безаш а йолу юкъаралла хилар.

قال اللهُ تعالى: {مُحَمَّدٌ رَّسُولُ اللهِ وَالَّذِينَ مَعَهُ أَشِدَّاء عَلَى الْكُفَّارِ رُحَمَاء بَيْنَهُمْ}. الفتح: ٢٩
Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Мухьаммад – Делан Элча ву, цуьнца цхьаьна берш керста нахаца шога бу, вовшашца къинхетаме а бу».** *«Аль-Фатхь», 29.*

قال تعالى واصفا المؤمنين: {ثُمَّ كَانَ مِنَ الَّذِينَ آمَنُوا وَتَوَاصَوْا بِالصَّبْرِ وَتَوَاصَوْا بِالْمَرْحَمَةِ}. البلد: ١٧
Веза-Сийлахьчу Дала боху, бусалба нехан куьцаш дуьйцуш: **«ТIаккха ийман диллинчу нахах хилла велара иза, собаре хила бохуш вовшашка весеташ деш, къинхетаме хила бохуш вовшашка весеташ деш болчу».** *«Аль-Балад», 17.*

Делан Элчано а (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) бусалба нехан куц хIоттийна, уьш цхьа дегI санна бу, аьлла.

قال رسول الله صلى الله عليه وسلم: "تَرَى الْمُؤْمِنِينَ فِي تَرَاحُمِهِمْ وَتَوَادِّهِمْ وَتَعَاطُفِهِمْ كَمَثَلِ الْجَسَدِ إِذَا اشْتَكَى عُضْوًا تَدَاعَى لَهُ سَائِرُ جَسَدِهِ بِالسَّهَرِ وَالْحُمَّى". رواه البخاري
Шен хьадисехь Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) аьлла: **«Бусалба нах вовшашца къинхетаме хиларехь, вовшашна безарехь, вовшашца кIеда-мерза хиларехь – цхьа дегI санна гур бу хьуна. Оцу дегIах цхьа меже лазаяьлча, цуьнан дерриг дегI а лазадолу, наб дIаяларца, дагар хиларца а».** *Бухари.*

عن أنس رضي الله عنه، أن النبي صلى الله عليه وسلم قال: "لَا يُؤْمِنُ أَحَدُكُمْ حَتَّى يُحِبَّ لِأَخِيهِ مَا يُحِبُّ لِنَفْسِهِ". رواه البخاري

Анаса (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: **«Шух цхьаннен а ийман дуьззина хир дац, шена дезаш долу хIума шен бусалба вешина деззалц».** *Бухари.*

Вовшашца къинхетаме хилар беза мах болуш долу дела, адамех къахеташ воцург Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) дакъазваьллачарех лерина.

قال النبي صلى الله عليه وسلم: "خَابَ عَبْدٌ وَخَسِرَ لَمْ يَجْعَلِ اللهُ فِي قَلْبِهِ رَحْمَةً لِلْبَشَرِ". رواه أبو نعيم

Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) аьлла: **«Дакъазваьлла, зен а вайна АллахIа шен даг чу адамех къахетар ца диллина волу лай».** *Абу НуIайм.*

Вовшех къинхетам бар дагадоуьйтуш болчу бухе хьаьжча, вайна карадо и доккха ирс массо а заманахь буоберан доладарца, бусалба нехан доьзалшна юккъехь уьш Iалашбарца а хилар. Къаьсттина оцу нахана хаало буобер кхабарехь бусалба дино хадийна болу боккха мах, юкъаметтиг лелоран коьрта Iалашо а. ХIунда аьлча бусалба динехь дика динчунна беш болу бекхам и санна долчуьнца бекхам бар долу дела.

قال اللهُ تعالى: {هَلْ جَزَاءُ الْإِحْسَانِ إِلَّا الْإِحْسَانُ}. الرحمن: ٦٠

Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Дика дарна бекхам буй – дика дар а бен».** *«Ар-Рохьман», 60.*

Ша кхоьллинчу АллахIна дика Iибадат динчунна, Цуьнан лешна пайдехь дерг динчунна а беш болу бекхам ма бац – АллахIа цунна дика болх бар а бен, шорта мела а, боккха толам а, маьрша дахар а луш.

وفي الحديث أن رسول الله صلى الله عليه وسلم قال: "إِنَّ اللهَ كَتَبَ الْإِحْسَانَ عَلَى كُلِّ شَيْءٍ". رواه مسلم

Шен хьадисехь Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) аьлла: **«Баккъалла а, АллахIа массо хIуманна дика дар тIедиллина».** *Муслим.*

ШарIан хьекъалалла а, буоберийн Iуналла дар шена тIехь лаьттачу бухан чIогIалла а гучуйолу хIокху сийлахьчу аятан ойла йича.

قال اللهُ تعالى: {وَلْيَخْشَ الَّذِينَ لَوْ تَرَكُوا مِنْ خَلْفِهِمْ ذُرِّيَّةً ضِعَافًا خَافُوا عَلَيْهِمْ فَلْيَتَّقُوا اللهَ وَلْيَقُولُوا قَوْلًا سَدِيدًا}. النساء: ٩

Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Шайл тӀаьхьа буьсуш кегий доьзалш болуш, уьш зен барна кхоьрурш берш кхоьрийла. АллахӀах кхоьрийла уьш, нийса дош олийла цара».** *«Ан-Нисаъ», 9.*

Тахана (шел тӀаьхьа буьсур болуш шен кегий доьзалш болуш) буоберан доладеш верг – шена белхи беш ву. Цо шен боцчу доьзалшца лелийна болу некъ цуьнан кегий доьзалшца а лелор бу. Шайн куьйга кӀелахь болчу буоберашка хьовсийла уьш, шайл тӀаьхьа буьсур болчу кегий доьзалшка кхиберш хьовса шайна луур хиларе терра. Тахана буобераца хьо дика хиларе терра, кхана хьан байшца а дика хир бу. Ахь динчун бекхам хир бу хьуна. Ахь динарг дика хӀума делахь, диканна дуьхьал дика хир ду хьуна, дӀадолийнарг сийлахь а ву. Ахь динарг вуон хӀума делахь, вуонна дуьхьал вониг хир ду хьуна, дӀадолийнарг сийсаз а ву. Буоберийн доладарехь, цаьрга хьажарехь а долу декхар бусалба динна юкъадогӀуш долу дела, цо вай сутара до бусалба юкъаралла кхолларна тӀехь, вовшашна гӀо а деш, цхьаберш кхечеран гӀуллакхе а хьожуш хилийта. Иза бусалба нахана юккъера хедар йоцуш уьйр ю, цара вовшашна гӀо дарехь, шайн бусалба вежаршкахь болу бала дӀаайбарехь, вовшийн дегнаш паргӀатдахарехь, вовшашна зен дарх ларбаларехь. Иштта йолу уьйр ларъярна йоккха ял хир ю. Абу ХӀурайрата (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчане (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) хаьттира, муьлха Ӏамал еза ю, аьлла. Цо жоп делира: **«Еза Ӏамал ю, ахь хьайн бусалба вешина хазахетар дар, я цунна тӀера декхар дӀадалар, я цунна даа бепиг далар».** *Мунзири.*

Стага шен бусалба вешина деш долу гӀо – шена тӀера хӀора дийнахь сагӀадалар санна лоруш ду.

عن ابن عباس رضي الله عنهما، أن رسول الله صلى الله عليه وسلم قال: "في ابنِ آدمَ سِتونَ وثلاثُمِائَةِ سُلامَى أوْ عَظْمٍ أوْ مَفْصِلٍ ، على كلِّ واحِدٍ في كلِّ يَوْمٍ صدقةٌ ، كلُّ كَلِمَةٍ طيبةٍ صدقةٌ ، وعَوْنُ الرجُلِ أخاهُ صدقةٌ". رواه البخاري

Ибн Ӏаббаса (Дела реза хуьлда цаьршинна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: **«Адаман берехь 360 хуттург, я даьӀахк, я меже ю. Массо а дийнахь хӀоранна тӀера сагӀа далар тӀедиллина ду. Хаза мел долу дош сагӀа ду, стага шен вешина гӀо дар а сагӀа ду».** *Бухари.*

Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна), вовшашна гӀо деш, гӀуллакхе хьожуш а, хьашташ кхочушдеш а хила бохуш, бусалба нахе беш болу кхайкхам хедаш бац.

قال رسول الله صلى الله عليه وسلم: "مَنْ كَانَ فِي حَاجَةِ أَخِيهِ كَانَ اللهُ فِي حَاجَتِهِ". رواه مسلم

Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) аьлла: **«Шен вешин хьашт кхочущдеш верг милла велахь а, АллахI хуьлу цуьнан хьашт кхочущдеш».** *Муслим.*

Ма дика гIо ду адамана хуьлуш дерг, и гIо деш верг АллахI хилча. Бусалба стаг шен вешина муьлхха кепара дина а гIо деш вацахь, АллахI цунна гIо деш а хир вац. Баккъалла а, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) шен уммат тIенисдина нахана пайден долуш, церан дегнаш паргIатдохуш, цаьргара бала дIа а боккхучу балхана. И болх беш верг Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) АллахIна дукхабезначарех лерина.

قال النبي صلى الله عليه وسلم: "أَحَبُّ النَّاسِ إِلَى اللهِ تعالى أَنْفَعُهُمْ لِلنَّاسِ، وَأَحَبُّ الأَعْمَالِ إِلَى اللهِ سُرُورٌ تُدْخِلُهُ عَلَى مُسْلِمٍ، أَوْ تَكْشِفُ عَنْهُ كُرْبَةً". رواه الطبراني

Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) аьлла: **«Веза-Сийлахьчу АллахIна кхиболчу нахал а дукхавезнарг – нахана алсам пайден верг ву. Iамалех Веза-Сийлахьчу АллахIна дукхаезнарг ю – бусалба стагана ахь хазахетар дар я цуьнгара бала дIаайбар».** *ТIабарани.*

Цхьа а шеко яц, берана тIе дан кхин доккха вуон ма дац, иза буо хилла дисарал а, шега гIийлалла а, зен хилар а кхочуш, иза Iалашдан а, лардан а цхьаммо тIелаьцна доцуш хилча муххале.

### *Буоберийн доладарехь болу пайданаш*

**Хьо хууш хилалахь, хIай сан бусалба ваша**, АллахIа хьуна деллачу ниIматех ду Цо буоберан а, цуьнан хьукманехь долчун а Iуналла дан хьан ницкъ кхачийтар. Баккъалла а, шарIо билгалбина хьуна а, бусалба юкъараллина а – хьо, я муьлхха бусалба стаг буобераш кхобуш, церан Iуналла деш хилча хинболу пайданаш. Оцу пайданех ду:

1) Бусалба стага буоберан доладаро Ялсаманехь Делан Элчанна (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) лулахь хиларе вуьгу, иза кхачам беш ма ду сийлаллехь, дозалла дарехь а.

2) Буоберан доладар, иза кхабар а, кхиадар а, цуьнан Iуналла дар а тIедоьгIна ду хаза долчу гIиллакхна, цIена болчу кхолламна, къинхетаме долчу дагна а.

3) Буоберан доладар, цуьнан коьртах куьг хьакхар, цуьнан ойла хазъяр а дог кIаддеш ду, цуьнан дакъадалар дIадоккхуш ду.

4) Буоберан доладаро тIедохьу дуьненан дахарехь доккха дика, йоккха сийлалла а, Эхартахь дерг ца хьехийча а. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Дика дарна бекхам буй – дика дар а бен».** *«Ар-Рохьман», 60.* Оцу аятан маьIна: Ша кхоьллинчу АллахIна дика Iибадат дарца, Цуьнан лешна пайден хиларца нисвеллачу стеган бекхам

хуьлийла дуй ткъа, и кхоьллинчу АллахIа цунна диканца бекхам бар а бен, цунна шорта ял яларца, боккха толам баларца, дуьненахь а, Эхартахь а маьрша дахар даларца.
5) Буоберан доладаро жигарадоккху хьагI лацарх, адам цадезарх а ша дIацIанъелла йолуш, шен коьрта Iалашо адам вовший дезаш, оьшуш хилар а долу цIена юкъаралла кхоллар. Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) аьлла: **«Бусалба нах вовшашца къинхетаме хиларехь, вовшашна безарехь, вовшашца кIеда-мерза хиларехь – цхьа дегI санна гур бу хьуна. Оцу дегIах цхьа меже лазаяьлча, цуьнан дерриг дегI а лазадолу, наб дIаяларца, дагар хиларца а».** *Бухари.*
6) Буоберан сий дарехь, цуьнан гIуллакхе хьажарехь, и Iалашдарехь, цуьнан Iуналла дарехь, и кхабарехь сийлалла ю, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) буоберан хьокъехь дийцинарг кхочушдеш цо къахьегарна. Оцу балхаца Делан Элча (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) везаран билгало а ю.
7) Буоберан доладаро бусалба стеган даьхни алсамдоккху, цIан а до, оцу даьхнех бусалба стагана дика накъост а во цо.
8) Буоберан доладар – хастамечу гIиллакхех ду, бусалба дино тIелаьцна а, уьш шегахь дерг хастош а долуш.
9) Буоберан доладарехь доккха беркат ду, буобер кхобуш волчунна хьанала долуш, иза рицкъанехь сов а воккхуш.
10) Буоберан доладаро и шен чохь долчу хIусамах дика хIусам йо.

قال رسول الله صلى الله عليه وسلم: "خَيْرُ بَيْتٍ فِي الْمُسْلِمِينَ بَيْتٌ فِيهِ يَتِيمٌ يُحْسَنُ إِلَيْهِ". رواه إبن ماجه
Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) аьлла: **«Бусалба нехан хIусамех дика хIусам ю – шена чохь буобер дерг, цуьнга хьажар дика а долуш».** *Ибн МажахI.*
11) Буоберан доладарехь хьан тIаьхье ларъяр ду, хьо веллачул тIаьхьа хьох дисинчу байшна кхиболчара дика болх бар а ду. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Шайл тIаьхьа буьсуш кегий доьзалш болуш, уьш зен барна кхоьруш берш кхоьрийла. АллахIах кхоьрийла уьш, нийса дош олийла цара».** *«Ан-Нисаъ», 9.*
Тахана буоберан доладеш верг – шена а, шел тIаьхьа биса тарлучу кегийчу доьзалшна а белхи беш ву. Ахь тахана буоберашца лелийнарг кхана хьо дIаваьлла хьох дисинчу буоберашца лелор ду. Ахь динчунна бекхам хир бу хьуна. Муьлххачу хьолехь а, хIай сан хьоме ваша, хьуна хаалур бац буоберан доладарехь болу хIара дуьненан пайданаш, оцу буоберех цхьаъ хьайн доьзалехь ахь кхаббалц. Буобер кхабарца Веза-Сийлахьчу АллахIан пурбанца массо а диканна тIекхуьур ву хьо дуьненахь а, Эхартахь а.

## Бусалба динехь буоберан бакъонаш

Баккъалла а, бусалба дино буоберийн, церан хьукманехь болчу дӀатийсинчу, я шайн дай бевзаш боцчу берийн а гӀайгӀа бина, церан Іуналла а дина. Церан дахар ирсе деш, адамашна юккъехь церан пусар деш йолу бакъонаш елла цо царна. Бусалба дино берашна елла цхьайолу бакъонаш юьйцур ю вай юкъарчу суьртахь, ткъа буоберана а, цуьнан хьукманехь долчунна а елла бакъонаш юьйцур ю вай къаьсттинчу суьртахь, хӀунда аьлча тӀехь да воцуш дисча, я шен да-нана девзаш доцуш хилча нислуш ду оцу буоберийн бакъонаш эшош а, терго йоцуш йитар а. Церан и бакъонаш ларъеш верг ца караво.

1) **Дуьнен чохь дахаран бакъо**.

Бусалба дино берана еллачу бакъонех коьрта бакъо ю хӀара. Бусалба дин тӀедале хьалха даьржина хилла, дуьнен чу даьлла зудабер, дийна а долуш, лаьттах доллар. Эхь тӀедарах кхоьруш деш хилла иза. Иштта даьржина хилла божабераш дайар. Къелла тӀеярна кхоьруш деш хилла иза. Бусалба дино чӀагӀдина хьарам дина иза.

قال اللهُ تعالى: {وَلَا تَقْتُلُوا أَوْلَادَكُمْ خَشْيَةَ إِمْلاقٍ نَّحْنُ نَرْزُقُهُمْ وَإِيَّاكُم إِنَّ قَتْلَهُمْ كَانَ خِطْءًا كَبِيرًا}. الإسراء: ٣١

Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Аш шайн береш ма дайа, къелла тӀеярна кхоьруш, Тхо ду царна а, шуна а рицкъ луш; баккъалла а, уьш дайар – доккха къа ду».** *«Аль-Исраъ», 31.*

عنْ عَبْدِ اللهِ بْنِ مَسْعُودٍ رَضِيَ اللهُ عَنْهُ قَالَ: "سَأَلْتُ رَسُولَ اللهِ صلى الله عليه وسلم: أَيُّ الذَّنْبِ أَعْظَمُ عِنْدَ اللهِ تَعَالَى؟" قَالَ: "أَنْ تَجْعَلَ لِلَّهِ نِدًّا وَهُوَ خَلَقَكَ"، قُلْتُ: "إِنَّ ذَلِكَ لَعَظِيمٌ. قُلْتُ: "ثُمَّ أَيٌّ؟" قَالَ: "أَنْ تَقْتُلَ وَلَدَكَ تَخَافُ أَنْ يَطْعَمَ مَعَكَ"، قُلْتُ: "ثُمَّ أَيٌّ؟" قَالَ: "أَنْ تُزَانِيَ حَلِيلَةَ جَارِكَ". رواه البخاري

Ибн МасӀуда (Дела реза хуьлда цунна) дийцина: «Делан Элчане (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) хаьттира ас, АллахӀна гергахь доккха къа муьлха ду?» Цо жоп делира: **«Ахь хьой кхоьллинчу АллахӀаца накъост лацар ду».** Ас элира, иза-м доккха ду. Юха а ас хаьттира: **«ТӀаккха муьлха ду?»** Цо элира: **«Ахь хьайн доьзалхо вер ду, цо хьайца яахӀума яарх а кхийрина».** Юха а ас хаьттира: **«ТӀаккха муьлха ду?»** Цо элира: **«Ахь хьайн лулахочун зудчуьнца зина дар ду».** *Бухари.*

وعن الْمُغيرةِ بنِ شُعبةَ رَضِيَ اللهُ عَنْهُ، عن النبي صلى الله عليه وسلم قالَ: "إنَّ اللهَ حَرَّمَ عَلَيْكُمْ: عُقُوقَ الْأُمَّهَاتِ، وَوَأْدَ الْبَنَاتِ، وَمَنْعًا وَهَاتِ. وَكَرِهَ لَكُمْ: قِيلَ وَقَالَ، وَكَثْرَةَ السُّؤَالِ، وَإِضَاعَةَ الْمَالِ". متفق عليه

ШуӀбатан кӀанта МугӀи́рата (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: **«АллахӀа шуна хьарам дина наношна вуон хилар, зудабераш, дийна а долуш, лаьттах дохкар, сагӀадоьхург**

**вухатохар, хIума еха марзвалар а. Цо шуна ца магийна «аьллера-бахара» дешнаш, хеттарш дукха дар а, эрна даьхни дохкар а».** *Бухари, Муслим.*

ХIокху Делан омранашца бусалба дино беран дахар лардеш йолу бакъо чIагIйина, цхьана агIор и бакъо талхо мегар доцуш. Къаьсттина, буоберан, я дIатесна долчу, я шайн тайпа девзаш доцчу берийн бакъо ларъяр чIагIдина шарIо.

2) **Тайпанан хиларан бакъо**.

Бусалба дино беран дахарехь йолу бакъо ларъяр тIедиллинчул тIаьхьа, цо цуьнан тайпа лардарца йолу бакъо кхочушъяр а тIедиллина. Цо омра дина, мила ву ца хууш, иза цавитархьама, иза шен дега вилларца, цул тIаьхьа цуьнан кхийолу бакъонаш талха ца яйтархьама. Масала, цунна рицкъ латтор, цунна ирс кхачадар а.

قال اللهُ تعالى: {ادْعُوهُمْ لِآبَائِهِمْ هُوَ أَقْسَطُ عِندَ اللهِ فَإِن لَّمْ تَعْلَمُوا آبَاءهُمْ فَإِخْوَانُكُمْ فِي الدِّينِ وَمَوَالِيكُمْ}. الأحزاب: ٥

Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Церан дайн цIершца кхайкха шу цаьрга, АллахIна гергахь иза нийса ду шуна. Церан дай шуна бевзаш бацахь – шу динан вежарий ду, гергара нах ду».** *«Аль-Ахьзаб», 5.*

Иштта бусалба дино хьарам дина тайпанаш хийцарца, я шен воцчу дега бер дилларца ловзар, оцу тIехь чIогIа Iазап хирг хилар чIагIдина цо.

عن سعد بن أبي وقاص رَضِيَ اللهُ عَنْهُ، أن النبي صلى الله عليه وسلم قال: "مَنْ ادَّعَى إِلَى غَيْرِ أَبِيهِ وَهُوَ يَعْلَمُ أَنَّهُ غَيْرُ أَبِيهِ فَالْجَنَّةُ عَلَيْهِ حَرَامٌ". متفق عليه

Абу Ваккъáсан кIанта СаIда (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: **«Шен воцчу ден цIарца цхьаьнга кхайкхинчунна, – иза цуьнан да цахилар хууш волуш, – Ялсамане хьарам ю».** *Бухари, Муслим.*

Оцу делилашца бусалба дино бакъо ларъяр чIагIдина, и бер шен дега, я шен тайпане дилларца, иза буо делахь а, дацахь а. Адамашна юккъехь иза хьенан ду ца хууш, тесна ца дитина цо. Бусалба дино беран шен тайпане дилларехь йолу бакъо ларъяре терра, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) оцу берана дика цIе тиллар тIедиллина. Цо вайна билгалйина АллахIна дукхаезна йолу цIерш: IабдуллахI, Iабдуррохьман, иштта пайхамарийн цIерш а. Иштта Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) вай тIенисдина тахка тамбоцу цIерш Iадйитарна, масала: Ясар, Хьазан, Iасият, БархIун.

3) **Беран дакхорехь йолу бакъо**.

ХIара беран дахарехь цунна еллачу бакъонех кхоазлагIниг ю. Баккъалла а, бусалба дино наношна шайн бераш дакхадар тIедиллина.

قال اللهُ تعالى: {وَالْوَالِدَاتُ يُرْضِعْنَ أَوْلَادَهُنَّ حَوْلَيْنِ كَامِلَيْنِ لِمَنْ أَرَادَ أَن يُتِمَّ الرَّضَاعَةَ}. البقرة: ٢٣٣
Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Наноша шайн бераш дакхадойла дуьззинчу шина шарахь, и дакхадар кхочушдан лууш верг велахь».** *«Аль-Бакъарат», 233.*
Іеламнехан цхьабарт бу, бер декхачу шерашкахь долуш, цунна оьшуш мел ду и дакхо дезаш хиларна тІехь.

4) **Напха даларехь йолу бакъо.**

ХІара бусалба дино берашна еллачу бакъонех бакъо ю, дайшна и кхочушъяр тІедиллина а долуш. Іеламнехан цхьабарт бу, шен даьхни доцчу берана напха латтор дена тІехь декхар хиларехь, хІунда аьлча и бер шен дех схьадаьлла цхьа дакъа долу дела. Шена а, шен зудчунна а напха латтадар цунна тІедилларх терра, цунна тІехь декхар ду шен доьзална а, дена-нанна а напха латтадар.

قال اللهُ تعالى: {لِيُنفِقْ ذُو سَعَةٍ مِن سَعَتِهِ وَمَن قُدِرَ عَلَيْهِ رِزْقُهُ فَلْيُنفِقْ مِمَّا آتَاهُ اللهُ لَا يُكَلِّفُ اللهُ نَفْسًا إِلَّا مَا آتَاهَا سَيَجْعَلُ اللهُ بَعْدَ عُسْرٍ يُسْرًا}. الطلاق: ٧
Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Аьтто болчо напха лойла шен аьттоне хьаьжжина, рицкъанехь хала воллуш волчо шена АллахІа деллачух лойла; АллахІа дегІана тІедиллина дац Ша цунна даларан барамехь а бен. АллахІа аьтто бийр бу халонна тІаьххье».** *«Ат-ТІолакъ», 7.*

Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) дикачу напханех лерина къонахчо шен берашна, шен хІусамнанна а луш долу напха.

عن ثوبان رضي الله عنه قال، قال رسول الله صلى الله عليه وسلم: "أَفْضَلُ دِينَارٍ دِينَارٌ يُنْفِقُهُ الرَّجُلُ عَلَى عِيَالِهِ، وَدِينَارٌ يُنْفِقُهُ عَلَى دَابَّتِهِ فِي سَبِيلِ اللهِ، وَدِينَارٌ يُنْفِقُهُ عَلَى أَصْحَابِهِ فِي سَبِيلِ اللهِ". رواه مسلم
Савбана (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: **«Стага ахчанца еш йолу уггар дика харж – цо шен доьзална напха латтадарца, АллахІан некъа тІехь шена тІехаа хьайба кхабарца а, АллахІан некъа тІехь болчу шен накъосташна сагІа даларца а еш ерг ю»**. *Муслим.* ХІара хьадис дийцинчарех волчу Абу Къилáбата аьлла: **«Делан Элчано** (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) **доьзал хьахабарца долийна. Шен кегийчу доьзалшна, уьш Іалашбеш, я, и стаг бахьана долуш, АллахІа церан аьтто а беш, напха латточу стагал веза мила хир ву?!»**

Іеламнаха важиб ду аьлла билгалдина напха – тоьачу барамехь даар-малар, тІедуху хІума, чохь ваха хІусам а, цуьнца оьшуш долу хІума а далар ду. Иштта оцу напханна юкъадогІу бер дакхадар, и, жима долуш, кхабар, цунна дарба лахар, цуьнга дешийтар, и санна кхидолу оьшуш дерг латтадар а. ХІара хьукманаш схьаэцна ду, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) дийцинчу, Іаишата (Дела реза хуьлда цунна) ша далийначу хьадиса юкъара. Іаишата (Дела

реза хуьлда цунна) дийцина: «Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) волчу еара ХIинд, цо элира: **«ХIай Делан Элча, Абу Супьян бIаьрмециг стаг ву, цо суна а, сан кIантана а тоамбеш дерг ца ло, ас, цунна а ца хууш, схьаэцнарг бен».** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира: **«Хьайна а, хьайн кIантана а тоьачу барамехь дерг схьаэца ахь».** *Муслим*.

Да велча я воцчун метта хилча, напха лахарна тIехь ницкъ ца кхочуш, напха латтадар тIедужу берриге верасашна, цара и стаг велча ирс эцаран барамехь. Нагахь санна церан ницкъ ца кхачахь, бусалба нехан закатан даьхни тIера а, доуьйтуш долчу сагIанаш тIера а лур ду.

5) **Iуналла дарехь йолу бакъо.**

ХIара берашна, къаьсттина буоберашна а, церан хьукманехь долчу дIатийсинчу берашна а йолу бакъо кхаа декъах лаьтташ ю: 1) жима долуш доладаран бакъо; 2) оьзда кхиорехь йолу бакъо; 3) даьхни Iалашдарехь йолу бакъо.

Жима долуш бер кхиорехь алсам долу къахьегар зударшкахь ду. Бере хьожуш зуда ца хилча йиш йоцуш хан ю иза. Iеламнехан цхьабарт бу, бер кхабарехь зудчун бакъо алсам ю аьлла. Кхиболчу зударийнчул ненан бакъо алсам ю шен бер кхабарехь, нагахь санна бер кхабаран бехкамаш цуьнгахь кхочушхилла белахь. И хьукма схьаэцна Iамран кIанта IабдуллахIа (Дела реза хуьлда цаьршинна) дийцинчу хьадисах. Цо элира: **«Пайхамара** (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) **кхиэл йира бер кхабарехь нана толош, иза кхечанхьа маре яхаза мел ю»**. *Ахьмад*.

Бер кхабаран хан ю – и дуьнен чу даьлчхьана дуьйна шен доладан зударий ца оьшучу хене кхаччалц. И бер ша юуш, молуш, шена тIе бедар юхучу хьоле даьлча чекхйолу и хан. Цхьаболчу Iеламнаха ворхI шо дузарца лерина иза, кхечара – исс шо кхачарца. Нагахь оцу беран цхьа а гергара стаг вацахь, паччахь ларало цуьнан Iу. И бер Iалашдан стаг цунна тIехIотторан бакъо а цуьнгахь хуьлу. Амма оьзда кхиорехь бохучун маьIна, зударша Iуналла дан деза хан дIаялча берана гIиллакх Iамор, иза нийсачу новкъа даккхар ду. И декхар къаьсттина божаршна тIедиллина ду, АллахIа царна зударшначул ницкъ, доьналла алсам даларна. Веза-Сийлахьчу АллахIа дай сутара бина шайн бераш кхиорна тIехь, Цо боху Шен дашехь: **«ХIай ийман диллинарш, аш шайн а, шайн доьзалийн а догIмаш кIелхьарадаха керста нахах а, тIулгех а латор йолчу Жоьжахатин цIерах».** *«Ат-Тахьрим», 6.*

Иштта Делан Элчано а (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) дайшна тIедиллина шайн куьйга кIелахь волчунна Iуналла дар. Хьадисехь деана, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: **«Шух хIора стаг Iу ву, шен Iуналлех хIоранга хоттур долуш ду. Имам Iу ву, шен Iуналлех шега**

**хоттур долуш ву. ХIора стаг шен доьзалехь Iу ву, шен Iуналлех шега хоттур долуш ву. Зуда шен майрачун хIусамехь Iу ю, шен Iуналлех шега хоттур долуш ю. Ялхо шен элан даьхнина тIехь Iу ву, шен Iуналлех шега хоттур долуш ву».** *Бухари.*

Оцу омранашна тIедоьгIча, беран а, буоберан а верасашна тIехь ду уьш ларбар, цаьрга дешийтар, уьш кхиабар, царна гIиллакх Iамадар, уьш нийсачу новкъа бахар. Амма даьхни Iалашдарехь лууш дерг – къаьсттина буоберийн даьхни лардар ду, дахаран новкъахь церан хьекъал, корматалла кIеззиг йолу дела, синкхетам кхоччуш а боцу дела. Ахь иза Iуналла а ца деш витча, шегахь хьекъал кIеззиг хиларна, цо шен лаамашна тIаьхьа а ваьлла, даьхни эрна дойур ду. Амма ша воккха а хилла кхетаме веача, шена и даьхни уггар а чIогIа оьшучу хенахь, лар ца динехь цунна и карор дац. Буоберан даьхнин доладан бакъо хуьлу дас веса а вина бухавитинчу гергарчу стагехь. Амма иштта веса вацахь, цуьнан даьхни лардеш волчунна тIехь декхар ду тешаме стаг билгалваккхар. Цо цунна тIедожо деза буоберан даьхни Iалашдар, и дебадар, цунна тIера закат дIадалар, и бер доккха хилча цуьнан даьхни духадерзор.

6) **Къинхетам барехь йолу бакъо.**

ХIара бакъо буоберан хьакъ ду, иза жима а, хIумма ца девзаш а долу дела. Бусалба дино дина дуккха омранаш ду жимачух къинхетам бе, цуьнца кIеда-мерза хила, цунна тIехь куьйгалла де, аьлла.

عن عبد الله بن عمرو رضي الله عنهما، أن رسول الله صلى الله عليه وسلم قال: "مَنْ لَمْ يَرْحَمْ صَغِيرَنَا، وَيَعْرِفْ حَقَّ كَبِيرِنَا، فَلَيْسَ مِنَّا". رواه البخاري

Iамран кIанта IабдуллахIа (Дела реза хуьлда цаьршинна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: **«Вайн жимачух къахеташ воцург, воккхачун бакъо ларъеш воцург а – вайх вац».** *Бухари.*

Делан Элча (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) цецвелира Хьáбисан кIантах АкъраIах (Дела реза хуьлда цунна), цо шега: **«Баккъалла а, сан итт доьзалхо ву, царех цхьанна а барт белла бац ас»**, – аьллачу хенахь. Иза, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) Iелин кIантана Хьасанна барт луш шена гинчу хенахь аьллера цо. Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) цуьнга элира тIаккха**: «Къинхетаме воцчух къинхетам бийр бац».** *Бухари.*

Бусалба дино жимачух къинхетам бе аьлла хIара дерриге омранаш даран Iалашо, цуьнан дог-ойла къинхетам барехь чIагIъяр ду, ша воккха хилча цуьнга а жимачух къинхетам байтархьама. Девзаш долчух ма ду, шегахь хIумма йоцчо и лург цахилар. Буобер жималлехь къинхетам барх духадитча, ша доккха хилча цо а бийр бац къинхетам. Адам кхиоран хьелаш девзаш болчу Iеламнаха чIагIдина,

доьзална юккъехь хилла долу Iадаташ, гIиллакхаш, амалш а бераша схьаоьцуш хилар, шаьш кхиош, кхобуш а хиллачаьрга тарбала а гIерташ.

## Буоберан доладар тIелаьцначул тIаьхьа хьуна тIехь долу декхар

**Шеко яц, хIай сан бусалба ваша**, баккъалла а, АллахIа хьуна доккха дика дина, буобер кхабар ахь хьайна тIелаьцнехь. Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) Ялсаманехь хьох шен лулахо ван тIелаьцна, буобер кхабаран бехкамаш ахь кхочушбича. Уггар а коьрта бехкам – Веза-Сийлахьчу АллахIан дуьхьа ахь и буобер кхабар ду, цуьнца кIеда-мерза а хуьлуш, АллахIан омра лар а деш.

Шен хIусамехь буоберан доладар бахьанехь АллахIа шена дика динчо лардан декхар долу хIуманаш хьахор ду вай. Царна юкъадогIу:
1) ШарIо билгалдинчу кепара и бер дакхадайтар, бер тайпана хилча хьарам дерг цуьнца хьарам а хуьлуш. И бер кхаба схьаэцначул тIаьхьа сихха дакхадайта деза, шина шаре далале. Зудчун я стеган йишас, я гергарчу зудчо пхоьазза дакхо деза иза; и дакхадарца захало хьарам деш долу гергарло а тосу цо.
2) Шен да вевзаш доцу бер дилла мегар дац иза кхаьбначуьнга, и кхаьбнарг стаг велахь а, зуда елахь а. АллахIна гергахь хьарам а долуш, даккхийчу къинойх лоруш ду бер шен да воцчуьнга диллар. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Церан дайн цIершца кхайкха шу цаьрга, АллахIна гергахь иза нийса ду шуна. Церан дай шуна бевзаш бацахь – шу динан вежарий ду, гергара нах ду».** *«Аль-Ахьзаб», 5.*

Шен тайпа девзаш доцу бераш кхобучу наха уьш шайн доьзалийн могIаре дIаязбар доккха гIалат ду, тайпа хийцаран къа а ду, АллахIан дозанаш хедадар ду, долуш долу хьал хийцарца оцу белхан жоьпаллехь болчу пачхьалкхан белхахошна пуьташ боттар а ду. Оцу кепара цара уьш дIаязбарца церан тайпанах ца хуьлу уьш, церан ирс ца кхачадо царна. И болх бинчарна шаьш дохко а бевлла, Веза-Сийлахьчу АллахIе тоба дар тIехь ду, шаьш яздина харц йоза нисдар а ду.
3) Тайпа девзаш доцу масийтта бер кхобуш волчунна мегар дац уьш берриге а цхьана тайпанах ларар, хIунда аьлча шаьш тайпанан вежарий ду царна моьттур долу дела. Цуьнца ду шегара схьадолу зен, кхерам а боккха болу, шариIато дихкина долу, нах Iехабар, тайпанна тIехь вуон лар йитар, ирс эцарехь харцо яр.
4) Тайпа девзаш доцу бер дилла мегар дац шен доцчу къоме, я тайпане, я доьзале а, хIунда аьлча цуьнца ду нах Iехабар, доцург ду моттийтар, тайпанаш иэдар а.
5) Тайпа девзаш доцу бер кхобуш волчунна хаийта деза, и бер кхиъна даьлча цуьнан а, цо кхобучу беран а юкъаметтиг бIаьра хьажарехь, вовшех иэрах, божарийн а, зударийн а юкъ къасторехь, кхидолчу хьукманашкахь а херайолуш хилар. Амма шарIо билгалдинчу кепара и бер дакхадар хиллехь, захало хьарам деш

долу гергарло тасало цунна а, иза дакхийначунна а, цуьнан доьзалшна а юккъехь, тайпанан хилча хьарам дерг шеца хьарам хуьлуш.
6) Тайпа девзаш доцу бер кхобуш волчунна мегар дац беран хьал цунах къайладаккха. Берана, цуьнгара гIайгIа-бала бай а беш, иза хьалхара я тIаьххьара а доций хоуьйтуш, и довзийтар тIехь ду цунна. АллахIан динехь иза нисделла хилча, иштта хиларо цунна зен дийриг цахилар хаийта деза цунна.
7) Тайпа девзаш доцчу берана цуьнгахь долу хьал дийца деза, сих ца луш, жим-жимма дуьйцуш. Харжа еза цуьнга и дийца там болу хан, меттиг а. Коьртаниг ду – кхиболчу нахера шена цIаьххьана и хиъча, оцу берана бохам цахилийтар, дог-ойла йожарца цуьнан хьал хийца цадалийтар а.
8) Буобераш я шайн тайпа девзаш доцу бераш кхобучунна мегар ду буоберана пайден а, цунна хазахетар а долчу кепара церан даьхни лело. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Дикачу агIор а бен буоберан даьхнина герга ма гIо шу, иза ондадаллалц»**. *«Аль-АнIам», 152.* Буоберан доладечо цуьнан даьхни лелор ду дебар долчу кепара. Амма и даьхни эшош, я цунна зен деш долчу кепара и лело мегар дац цунна.

Iаишата (Дела реза хуьлда цунна) шаьш кхобуш долчу буоберийн даьхни йохк-эцар лелаяйта дIалуш хилла. Буоберан даьхнина зен хуьлу агIо бу тахана цхьаболчу наха лелориг – и даьхни риба (процент) йоккхучу банкашка ло цара, хьарам болу пайданаш схьаоьцу, буоберан даьхни дебош ду шаьш бохуш, шайна некъ а балош.
9) Ша Iуналла дечу буоберийн, церан хьукманехь долчу берийн а даьхнина тIера закат ца делча йиш яц. «МуваттIаъ» цIе йолчу жайни чохь деана, Мухьаммадан кIанта Къасима элира, аьлла: **«Со а, сан ваша а, кхин шиъ буобер а кхобуш дара Iаишата шен хIусамехь. Цо тхан даьхни тIера закат дIалора».**
10) **Хьо хууш хилалахь, хIай сан ваша**, ахь кхобучу буоберашна а, я тайпа девзаш доцчарна а хьо веллачул тIаьхьа хьан буьсучу бахамах хIумма а кхочуш цахилар. Амма хьо дийна волчу хенахь хьайн даьхних яла лууш ерг ахь царна ялар дихкина дац. Ткъа ша веллачул тIаьхьа шен бухадуьсучу даьхних царна дакъа дан лууш волчо весет дан деза, шариIато магийначу кепара а деш. Ша дуьтучу даьхних кхо дакъа дича, кхоалгIачу декъал сов ма волийла иза. Кхидолу весеташ а оцу кхоалгIачу декъана юкъадогIу, нагахь цо и весеташ динехь.

***Жайна хIоттийнарг – IабдуллахI бин Насир,***
***бин IабдуллахI Ас-Садхьан (Эр-Рияд), 2003-гIа (1424-гIа) шо.***
***Гочдинарг – Магамедов Рахьманан Сулиман.***

Редактор А.А. Гайтукаев

Верстка, дизайн С-М. Тасуев

**Абдуллах бин Насир, бин Абдуллах Ас-Садхан. Перевод С. Р. Магамедова.**
**О значимости и величии заботы о сиротах**. – ? с.